ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№101 (23.915) ● 2019 гъэм шыщхьэІуи (августым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІыныmрэ елэжьыну къызэгъэпэщакІуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Унафэ №75-РГ-мкІэ къащтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Ащхъуэт А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэр зэкІэлъызыгъакІуэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Бажэнэ Б. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КЪБР-Медиа» къэрал къэзонэ Іуэхущапіэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Малкаровэ Ж. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэ хъуэгъуэфІыгъуэу къалъыта объектхэр къэралым ихуэмынымкІэ и управленэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Саенкэ Т. В - Май муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Ткачёв Е. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къеГэщІыпІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*;

б) Балъкъыз А. Хь. и къулыкъым зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*»;

в) Къумыкъу І. М. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрыр»;

г) комитетым къызэгъэкІыжын Бещтокъуэ Ж-А. Хь., Дроздов И. П., Евтушенкэ С. В., Къэзанш Л. Б., Къалэ З. А., Канунников В. А. сымэ.

2. Мы унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2019 гъэм шыщхьэІуи и 20-м
№94-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр зэрагъэлъэпІэну щІыкІэр яубзыху

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ КЪБР-м щыІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгениийрэ ирагъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырыныmрэ ар егъэкІуэкІыныmрэ пыщІа Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ комитетым и зэІущІэ. Абы хэтащ Парламентымрэ Правительствэмрэ, министерствэхэмрэ Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ, щІыпІэ самоуправленэмкІэ органэхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, щІыналъэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм, профсоюз, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪЫІЭЗГЪЭПЭЩАКІУЭ комитетым къыщтащ КЪБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм екІуэкІыну даудэапщэжьм я планыр. Хабзэ зэрыхъуауэ, махуэшхуэм и пэ къихуэ пщыхьэщхьэм екІуэкІынущ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщахэм ахэр щратыж пшыхьыр. Республикэм и къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ махуэшхуэм пыщІа зэхьхьэ нэхъыщхьэхэр щекІуэкІыныщ фокІадэм и 7-м щегъэжьауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ хьэщІэхэмрэ хъаоплъэ Іэхуэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къызэщІэзыубыдэ программэ: лъэпкъ шхыныгъуэхэр, кино, удэ гъатхэ лІэужьыгъуэхэр, КЪБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр щагъэлъэгъуэну фестивалхэр екІуэкІынущ, апхуэдэуи къызэрагъэпэщыныщ щІалэгъуалэ зэхьхьэхэр, лъэпкъхэм я пщІантІэхэр. А махуэм ирихьэлІэу къызэІуахынущ Кавказ Ищхъэрэм Гъуэджэхэмкіэ и къэрал институтым и макъамэ кадет корпусым и «Кадет унэр», Абхъазым и утыкум дежь щагъэувынущ сабийхэм я нэгу зыщрагъэужь хъуну къалэ щІыкІр.

Налшык и Къэбэрдей уэрамым щылэжьэнущ урысейпсо арт-бззэрыр, тхылъ жармыкІэ, абдеж щагъэлъэгъуэнущ дизайнер, сурэтыщІ, Іэпщіэлъапщіэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщіэкіхэр. Кьалэм концерт щат и утыку нэхъыщхьэхэм къыщызэрагъэпэщыныщ литературэ-макъамэ пшыхьхэр, творческэ гупхэм зыкъагъэлъэгъуэнущ.

Спорт, тхыдэ-лъахэдж Іыхьэм хэту, республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуэм и щІыхькІэ щІэз утыкум деж хъыщежьэнурэ къызэдэжэнущ. Абы хэт хъунущ апхуэдэ гукъыдэж зиІэ дзгъэнэри. Республикэ илподромым щы спорт махуэшхуэхэр, «Іуащьэмахуэ и Кубок» XIV дунейпсо шыгъажэ щекІуэкІынущ. Махуэшхуэр егъэдэхэнущ спорт зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм, «Си щІыналъэ - си Къэбэрдей-Балъкъэр» квестджэгукІэм, апхуэдэу еджапІэхэм тхыдэм, мамырыгъэр хъумэным теухуа дерсхэр щагъэлъэгъуэнущ.

КЪБР-м и Правительствэм и пщэ далъхьащ, зыхуэфащэ Іуэхущапіэхэр щыІэгъуу, махуэшхуэр Іэтауэ егъэкІуэкІыныр, щІыхуэхэм я зэхуэсыпІэхэм щынагъэнщагъэр къыщыІэзрагъэпэщыныр, республикэм и къалэхэр, къуажэхэр махуэшхуэм зэрыхуэфащэкІэ Іущіэн папщІэ щІыпІэхэр зыхуэй хуэгъэзэным пыщІа лэжьыгъэхэр и чэзум зэфІагъэкІыныр.

Махуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырыныр зэрекІуэкІым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ ІщІ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ящэ къуэдзэ - мэкъумэщ хозяйствэмкІэ министр **Говоров Сергей**, щэнхабзэмкІэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Къумыкъу Іэуес**, спортымкІэ министр **Хьэсанэ Ислъам**, граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныmрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ министр **КІурашын Анзор**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщі **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Урысей Федерацэм и Ныпым и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, щыналъэ псоми щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Къэрал Ныпым и махуэм теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэжь.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэлащхьэм «Плъыфищу зэгуэлъ Урысей ныпэ» фІэщыгъэр иІэу щекІуэкІа хэкупсэ акцэм хэтащ щІыху миным щІигъу. ЕджакІуэхэм, щІалэгъуалэм, жылагъуэм я урысейпсо зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, юнармейцэр, волонтёрхэр, курыт Іэщіагъэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм щІэсхэр Налшык и уэрамхэм ирикІуащ метрипщІ зи кІыхьагъ, къэрал ныпым и плъыфхэм хуэдэ лентІхэр яІыгъуу.

Апхуэдэу Іуэхум жыджэру хэт щІалэгъуалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ хуагъэшащ УФ-м и нып цІыкІухэр икІи махуэшхуэм ехьэлІа упщІэхэр иратурэ абы и купщІэм цІыхухэр трагъэпсэлъыхьащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.



2019 гъэм фокІадэм и 8-м КЪБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр зэрагъэлъэпІэну щІыкІэр яубзыху

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ КЪБР-м щыІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгениийрэ ирагъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырыныmрэ ар егъэкІуэкІыныmрэ пыщІа Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ комитетым и зэІущІэ. Абы хэтащ Парламентымрэ Правительствэмрэ, министерствэхэмрэ Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ, щІыпІэ самоуправленэмкІэ органэхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, щІыналъэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм, профсоюз, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪЫІЭЗГЪЭПЭЩАКІУЭ комитетым къыщтащ КЪБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм екІуэкІыну даудэапщэжьм я планыр. Хабзэ зэрыхъуауэ, махуэшхуэм и пэ къихуэ пщыхьэщхьэм екІуэкІынущ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщахэм ахэр щратыж пшыхьыр. Республикэм и къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ махуэшхуэм пыщІа зэхьхьэ нэхъыщхьэхэр щекІуэкІынущ фокІадэм и 7-м щегъэжьауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ хьэщІэхэмрэ хъаоплъэ Іэхуэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къызэщІэзыубыдэ программэ: лъэпкъ шхыныгъуэхэр, кино, удэ гъатхэ лІэужьыгъуэхэр, КЪБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр щагъэлъэгъуэну фестивалхэр екІуэкІынущ, апхуэдэуи къызэрагъэпэщыныщ щІалэгъуалэ зэхьхьэхэр, лъэпкъхэм я пщІантІэхэр. А махуэм ирихьэлІэу къызэІуахынущ Кавказ Ищхъэрэм Гъуэджэхэмкіэ и къэрал институтым и макъамэ кадет корпусым и «Кадет унэр», Абхъазым и утыкум дежь щагъэувынущ сабийхэм я нэгу зыщрагъэужь хъуну къалэ щІыкІр.

Налшык и Къэбэрдей уэрамым щылэжьэнущ урысейпсо арт-бззэрыр, тхылъ жармыкІэ, абдеж щагъэлъэгъуэнущ дизайнер, сурэтыщІ, Іэпщіэлъапщіэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщіэкіхэр. Кьалэм концерт щат и утыку нэхъыщхьэхэм къыщызэрагъэпэщыныщ литературэ-макъамэ пшыхьхэр, творческэ гупхэм зыкъагъэлъэгъуэнущ.

Спорт, тхыдэ-лъахэдж Іыхьэм хэту, республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуэм и щІыхькІэ щІэз утыкум деж хъыщежьэнурэ къызэдэжэнущ. Абы хэт хъунущ апхуэдэ гукъыдэж зиІэ дзгъэнэри. Республикэ илподромым щы спорт махуэшхуэхэр, «Іуащьэмахуэ и Кубок» XIV дунейпсо шыгъажэ щекІуэкІынущ. Махуэшхуэр егъэдэхэнущ спорт зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм, «Си щІыналъэ - си Къэбэрдей-Балъкъэр» квестджэгукІэм, апхуэдэу еджапІэхэм тхыдэм, мамырыгъэр хъумэным теухуа дерсхэр щагъэлъэгъуэнущ.

КЪБР-м и Правительствэм и пщэ далъхьащ, зыхуэфащэ Іуэхущапіэхэр щыІэгъуу, махуэшхуэр Іэтауэ егъэкІуэкІыныр, щІыхуэхэм я зэхуэсыпІэхэм щынагъэнщагъэр къыщызэрагъэпэщыныр, республикэм и къалэхэр, къуажэхэр махуэшхуэм зэрыхуэфащэкІэ Іущіэн папщІэ щІыпІэхэр зыхуэй хуэгъэзэным пыщІа лэжьыгъэхэр и чэзум зэфІагъэкІыныр.

Махуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырыныр зэрекІуэкІым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ ІщІ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ящэ къуэдзэ - мэкъумэщ хозяйствэмкІэ министр **Говоров Сергей**, щэнхабзэмкІэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Къумыкъу Іэуес**, спортымкІэ министр **Хьэсанэ Ислъам**, граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныmрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ министр **КІурашын Анзор**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщі **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ

Урысейм и Къэрал ныпым и махуэр Іэтауэ щагъэлэпІащ Бахъсэн къалэм. Абы къурихьэлІат Мамхэгъ Хьэчим зи пашэ щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, егъэджэныгъэ Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэмрэ еджакІуэхэмрэ, къалэдэсхэр, хьэщІэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и гимным щІэту япэщІыкІэ къэрал ныпышхуэм зрагъэубгъуащ. Абы и кІыхьагът метр 11, и бгъуагът метри 7. ИужькІэ творческэ гупхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ щэнхабзэмкІэ я унэхэм.

Къищынэмыщіауэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщат. Абыхэм япкъ иткІэ къызэхуэсахэм къагъэлъэгъуащ Урысейм и тхыдэм, лъэпкъ нагъыщэхэм фІыуэ зэрыхащыкІыр. Къэралым и ныпым и махуэр гъэлъэпІэныр адыгэ джэгум хуэкІуэжащ (ахэр махуэку къэс Бахъсэн къалэм щокІуэкІ).

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу КЪБР-м къыщызэІуахынущ зи ныбжьыр илъэсищ иримыкъуахэм щакІэлъыплъыну яухуэ сабий Іуэхущапіэ пщыкІубгъум щыщу хыр

2019 гъэм къриубыдэу ящыну яубзыхуа, зи ныбжьыр илъэсищ иримыкъуахэм щакІэлъыплъыну сабий Іуэхущапіэ пщыкІубгъум щыщу хыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэм, щІыналъэхэм къыщызэІуахынущ фокІадэм и 1-м. Апхуэдэ Іуэхущапіэхэр лажьэу щагъэпщынущ Плановскэ, Ислъэмей къуажэхэм, Налшык, Майскэ, Тэрч къалэхэм.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зи ныбжьыр илъэсищ иримыкъуахэм ящыщу иджыри сабий 960-м республикэм и сабий садхэм кІэуну Іэмал ягъуэтынущ. Урысейм и Правительствэм и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым а Іуэхум трагъэкІуэдэн папщІэ къыхуагъэтыпщащ сом мелуан 585-м щІигъу. Іуэхущапіэхэр лажьэу зэрагъэтыпщым и и фІыгъэкІэ егъэджакІуэу, гъэсакІуэу, абыхэм я дэІепыкъуэгъуу Іэнатіэкіэ къызэрагъэпэща хъунущ цІыхуи 150-м щІигъу.

Абы нэмыщІ, Урысейм ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министрствэр арэзы техъуащ зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмысахэр зэкІуэлІэну Іуэхущапіэ 29-рэ, псори зэхэту сабий минитІым ятещІыкІыьауэ, республикэм щыухуэным теухуауэ зэрызыхуигъэзам. Федеральнэ мылъкум щыщу абы ухахьынущ сом мелард 1,5-рэ.

«Демография» лъэпкъ проектыр ягъэзащІэкІэрэ, щІыналъэм щамурадщ зи ныбжьыр илъэсищ иримыкъуа цІыкІу псори 2021 гъэм и кІэм ирихьэлІэу сабий садхэмкІэ къызэрагъэпэщыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу

Курск деж щекІуэкІа зауэшхуэр, абы хэтахэр ягу къагъэкІыж

Налшык къалэ округым и администрацэм, ветеранхэм я къалэ советым, Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда Къаруэм запасым щыІэ и офицерхэм я лъэпкъ зэгухьэныгъэм я лІыкІуэхэр, волонтёрхэр дыгъуасэ щыІащ икІи Хэку зауэшхуэм и зэманым зауэ нэхъ гуащІэ дыдэхэр щекІуэкІахэм ящыщ Курск деж текІуэныгъэ къыщзэрыщахьрэ илъэс 76-рэ зэрырикъумкІэ екъуэхъуащ а мафІэ лыгъейм кьелахэм. А зауэр щытащ къэралыр бийм емыгъэубыдыныmкІэ мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиІахэм ящыщу.

«МАФІАЕМ зэдІищта щІыналъэ» зыфІащауэ щыта а щІыпІэм - танккІэ щызэпэщІэта зауэ нэхъ гуащІэ дыдэу дунейпсо тхыдэм хьихьам - щызэуахэм ящыщу иджыпсту республикэм щопсэу цІыхуий. Ветеранхэм ягу къагъэкІыжащ абдеж щекІуэкІа зауэ гуащІэхэр, псэзэпылъхьэпІэм иту я ныбжьэгъуэм къагъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэхэр, Хэкум и щІыхьыр, и щхьэхуитныгъэр Іэщэ яІыгъуу зыхъумахэр, цІыхубэм мамырыгъэрэ хуитныгъэкІэ яхуэупсахэр.

А махуэ дыдэм МафІэ мыужьыхьам деж удэ гъэгъэжр траліхьащ, зи псэр ди хуитныгъэм щІэзыта зауэлІхэр зэрыгцымыгъупщам и дамыгъэу.

Мы зэманым Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ирагъэбыдыпІащ депутатхэр, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр, щІыналъэ, къалэ администрацэхэм, егъэджэныгъэ Іуэхущапіэхэм я лІыкІуэхэр, ди нэхъыжьыфІхэм защІэгъэкъуэныр зи къалэну къэзыльытэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр. Ахэр зауэм хэтахэм ядолэпыкъу я унагъуэ Іуэхуэхэр дагъэкІыныmкІэ, зыхуей нэгъуэщІ Іуэхуэхъэзэкэри хуэзфІагъэкІ, езыхэм якІэлъоплъ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ
Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Ухуэныгъэ

Лъэмыжыр къагъэщІэрэщІэж

Р-217 «Кавказ» гъуэгур зрикІуэ Бахъсэн щІыналъэм хиубыдэ Къубэ-Тэбэрэ ПсыкІэхурэ я зэхуакум дэт лъэмыжыр къанэ щымыІэу зыхуей хуагъэзэкри, лажьэу яутІыпщыжащ.

МАХУЭ къэс а лъэмыжым автомашинэ мин тІощІым нэблагъэ ирокІуэ. Жьы зэрыхъуам къыхэкІыу ар апхуэдиз хьэлъэм пэмыльащэуэ хъуат икІи къэзгъащІэрэщІэжауэ гъэбыдапхъэт. Гъуэгу управленэмкІэ «Кавказ» ФКУ-м жылагъуэм ядэлэжьэныmкІэ и Іэщіагъэлі Тхьэмокъуэ Миланэ хъыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, ухуакІуэхэм лъабжьэ быдэ хуащІри лъэмыжым и щІэгъэкъуэнхэр яхъуэжащ, абы асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу траліхьащ. Ложьыгъэхэр фІы дыдэу щызэфІагъэкІащ метр 22-рэ зи кІыхьагъ, метри 7,5-рэ зи бгъуагъ щыпІэм.

Автомашинэхэр зезыгъакІуэхэм я шинагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун папщІэ, лъэмыжым къекІуалІэ гъуэгум метр 742-рэ зи кІыхьагъ и Іыхьэр къахухьри, нэхум къезыгъэгъэзэж дамыгъэжр щыгтрагъэуащ. Уэшхыпсым иримылъэсэхьн щхьэкІэ лъэмыжыкІыгъор бетон плитахэмкІэ ягъэбыдащ, псыр зэрагъэкъабзэ Іэмэпсымэхэр ягъэуващ.

Лъэмыжыр щызэрагъэпэщыжьым абы къызэрыпекІуэкІа гъуэгур иджы зэпхъаражьыр. Ар зэфІэкІмэ, а щІыпІэм и теплъэ дахэр игъэтыжынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Хъыбар гуапэхэр

Иджырей мардэхэм тращІыхь

«Ди къалэхэр иджырей мардэхэм тету зегъэузжьын» къэрал программэм ди республикэм гъэзгу щегъэуэт.

КьыпхэузмыцІыхужьыным хуэдэу фэтэр бжьІупэ куэдыр къагъэщІэрэщІэж. Сабий джэгупІэхэр зэраухуэм къищынэмыщІауэ, унэхэм плиткэкІэ къищІыкІа лъэс зекІуапІэхэр хуащІ, клумбэхэр щаухуэ, подъездэ щІыхьэпІэхэм тетыісхьэпІэ екІуэкІр щагъэуэ. А псом и щІыІужкІэ унэхэм я хъурея гъэгъ къагъэнэху. Мы зэманым апхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщрахьэпІэ республикэм и муниципальнэ щІыпІэу 30-м щІигъум. Абы щыщу 28-р щІыхухэм я зэхуэсыпІэщ е я зекІуанэгъуэщІ щІыпІэхэми. Ялэу апхуэдэ къалэн яІэу республикэм кьокІуэ Китаймрэ Германиемрэ я лыкІуэхэр. КІэлъыплъакІуэхэм я нэхъыбэр Урысейм щыщхэрщ.

Абхъазым адрыщІкІэ щыІэ хэхьапІэ участкэхэри хьэзырыщ. ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту апхуэдэ щІыпІэхэр кьыщызэІуахащ Черкесск, Москва, Истамбул. Бюллетенхэмрэ ахэр зрадзэнухэмрэ зы махуэкІэ ялэ иту а щІыпІэхэм яшащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ухуэныгъэхэм къахохъуэ

КЪБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныmкІэ къэрал программэхэм ялкъ иткІэ ирагъэкІуэкІ уухуэныгъэхэм къахохъуэ.

ПРОХЛАДНЭ кьалэм щагъэтІыльащ апхуэдэ утым и лъабжьэр. Метр зэбгъуэнатІэ 800-м нэс къызэзэыубыдэ щІыпІэм щыІэнущ тренажёр зэмылІэужьыгъуэхэр, сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ къудамэхэр, «альпийскэ», «шведскэ» блынкІэ зэджэ джабэ Іэрыщіхэр, стІолыщхьэ теннисымкІэ, волейболымкІэ, баскетболымкІэ джэгупІэхэр. Республикэ, щІыналъэ бюджетхэм къахэкІыу а Іуэхум сом мелуани 6-м нэблагъэ трагъэкІуэдэнущ, уухуэныгъэхэри щэкІуэгъуэ маззм и кІэм нагъэсыну я мурадщ.

2020 гъэм къриубыдэу Налшык иджыри апхуэдэ джэгупІэ уту 3 щаухуэну я гугъэщ. Абы ехьэлІа проектхэр къапщытащ. Утхэм я уухуэныгъэр щагублэнущ гимназие №2-р, гуфІ школ №11-р здэщыт щІыпІэхэм хуэзэу, «Дружба» микрорайоным.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

☸ Ди къуэш республикэхэм

Абхъазым и Президентыр хах

АБХЪАЗ. ***Пщэдей, шыщхьэІуи и 25-м , хахынущ Абхъаз Республикэм и Президентыр. Апхуэдэуи ягъэбелджылынущ вице-президентыр.***

ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ кърихьэлІэнущ кІэлъыплъакІуэ 60-м нэблагъэ. Ахэр къикІащ Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэм, Приднестровьем, Нагорнэ Карабахым, Осетие Ипщэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Ялэу апхуэдэ кьалэн яІэу республикэм кьокІуэ Китаймрэ Германиемрэ я лыкІуэхэр. КІэлъыплъакІуэхэм я нэхъыбэр Урысейм щыщхэрщ.

Абхъазым адрыщІкІэ щыІэ хэхьапІэ участкэхэри хьэзырыщ. ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту апхуэдэ щІыпІэхэр кьыщызэІуахащ Черкесск, Москва, Истамбул. Бюллетенхэмрэ ахэр зрадзэнухэмрэ зы махуэкІэ ялэ иту а щІыпІэхэм яшащ.

Щэнхабзэмкіэ унэщІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Адыгэ Хьэблэ районым и Старо-Кувинск къуажэм къыщыІэзІуахащ метр зэбгъуэнатІэ мини 5 къыІэщІэзыубыдэ Щэнхабзэмкіэ унэ.***

- ДЫКЪРИХЬЭЛІАЩ Щэнхабзэмкіэ унэр къыщыІэзІуах Іуэху гуапэм. Къыізолъытэ щэнхабзэм и жьэгур жэщ-махуэ имыІэу лэжьэн, абы и бжэхэр Старо-Кувинск къуажэм дэсхэм, псом япэу мыбы щыпсэу зэчиифІ сабий дахэхэм папщІэ сыт щыгъуи зэІуахэу щытын хуейуэ, - яжриІащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид къызэхуэсахэм.

Щэнхабзэмкіэ унэщІэр яуха «Устойчивое развитие сельских территорий» къэрал программэм ипкъ иткІэ. Абы иІэщ концерт гъэлъэгъуэнІэ, библиотекэ, волкалымкІэ, сурэт щІыныmрэ хореографиемкІэ пэшхэр.

Жыгыщіэ мин 20

АДЫГЕЙ. ***Илъэс къэс иратъэкІуэкІ «Псэу, мэз!» урысейпсо бжьыхьэ акцэм и фІыгъэкІэ Адыгейм щІы гектар 12-м щыхасэнущ щиху, туе, уэздыгьей жыгыщІэ мин 20.***

МЭЗ хозяйствэмкІэ федеральнэ агентствэм илъэс къэс бжьыхьэм иригъэкІуэкІ «Псэу, мэз!» Іуэхур хуэгъэпсащ мэз къулеягъыр зэфІэгъэувэжыным икІи гъэбгъуэным жылагъуэр къыхэшэным. ФокІадэм и 1-м щыщІэздзауэ жэпуэгъуэм и 3-м пщІондэ екІуэкІыну Іуэхум хыхьэу мэзылъэ щІыпІэхэр ягъэкъэбзэнущ, школхэм лекцэхэр щрагъэкІуэкІынущ. ЕджакІуэхэм жраІэнущ мэз фІыгъуэр хъумэн, фІыуэ лъагъун зэрыхуейр, ар къыізэрагъэсэбэпыр. Адыгэ Республикэм Мэзэхэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къэдзэ Гавришов Сергей зэрыжиІамкІэ, жыг хэсэным хэтынущ мэз лэжьакІуэхэр, волонтёрхэр, МГТУ-и и студентхэр, муниципальнэ, жылагъуэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэр. Гукъыдэж зиІэ дзгъэнэри дэІепыкъуегъу хъунущ мэзылъэр зэщІэгъэкъэбзэныmкІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

Псори фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп Еханэ джэгуГуэ

«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

Налшык. «Спартак» стадион.
Шыщхьэ1уи и 24. Сыхьэт 17-м.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр нухащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащІэ: ар кьевгъэхьын папщІэ иджыри Іэ щыщІэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущапіэми. Мазэ 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 438-рэ кІэпІейкІэ 44-рэ.

Ди индексыр П 5894

Нахуагъэр щытопщэ

● Хэхыныгъэ-2019

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іэуэукіэ щыІащ Урысей Федерацэм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Лыкіуэ, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Колюшин Евгений. Ар хэтащ икіи къыщыпсэлъащ Цыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ КъБР-м щыІэ уполномоченнэм дежь щыІэхаша эксперт гупым хэтхэмрэ республикэм и Хэхакіуэ комиссэм дежь щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщакіуэ гупым щыщхэмрэ щыІэущІа зэхыхьэм.

КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, зэхуэсыр къыщыІэуІуихьм, къыхэнгъэбзеджьыкІащ фокІадэм и 8-м КъБР-м щекІуэкІыну парламент хэхыныгъэхэр хабзэм тету къыщыІэзгъэпсыныр я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Абы къыхиГъэщащ езым деж щыІэ эксперт гупым хэтхэм а Іуэхум жыджэру зэрызыхуагъэхьэзырри, ар псом я дежкІэ ІупщІрэ нахуэу егъэкІуэкІыным пыщІа лэжьыгъэхэр и чэзум зэфІэгъэкІыным зэреужьэрэкІри. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркІэ, хэхыныгъэхэр къыщыІэзгаГъэпэщыну щыІэпІэхэм видеокамерэхэр зэрыщагъэувым зэрыкІэлъыплъыр, зи лъэ къызыдэмыбэ щІыхухэм я деж агъэкІуэну, яльэІэсыну волонтёрхэр къыІэзырашалІэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ **Колюшин Евгений**.

- Республикэм сызэрыщыІа махуэ бжыгъэм кьурибыдэу сэ саІущІащ хэхыныгъэхэр къыІэзыгъэпэщыну Іэхуэщ1апІэхэм я унафэщІхэм, къыхигъэщащ абы. - Къыжьэпхъэщ, мы щІыналъэм хэхыныгъэхэр хабзэм тету, зэпІэзэрытрэ зэрызекІуэ къыхэмыкІыу, сытым щыгъуи зэрыщекІуэкІыр. Сызипашэ Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэтхэм ди кьалэнщ хэхыныгъэхэм щІыналъэхэм зэрыщыпежьэ щыкІэр зэгъэщІэныр, ахэр хабзэм тету щрагъэкІуэкІыным ехьэлІауэ зэфІагъэкІахэм щыгъуазэ зыхуэщІыныр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш Вячеслав** жиІащ кьапэщьлъ Іуэхум зыхуагъэхьэзырын ди республикэм нэхъ пасэу зэрыщыщІадзар, нобэр кьыздэсым зы тхьэусыхафи кьаэзрыБзэрыкІыр, хэхыныгъэхэр иджырей Іэмалхэмкіэ зэрырагъэкІуэкІыну Іэмэпсымэщіэхэр Бахъсэн кьалэ зэрыщагъэувар, Іэ зэралэт біоллетенхэм щыхэплъэжыну щІыпІэхэр, хэхакіуэ псоми яльагъун хуэдэу, ди республикэм и кьалэ, хуэмурэ ди псоми зэрыщыкъагъэбелджылыкІар, нэгъуэщІхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

РОССИЙСКАЯ ЭКОЛОГИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ «ЗЕЛЁНЫЕ» В КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ

Сохраним природу детям!

3 ☑ 8 сентября 2019 года

РОССИЙСКАЯ ЭКОЛОГИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ «ЗЕЛЁНЫЕ»

Экологием къызэщІиубыдэр кІэрыхубжьэрыхухэр зэщІэкъуэным и закъуэкъым

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэр нэхъыкІэ зэрыхъур, пхъэнкІий куэд зэрызэтриХэр, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэкэм хьэуам гъуэз ФІейхэр зэрыкъуГыпхъэхэр, псэущхьэ, къэкІыгъэ щхьэхуэхэр зэрыкІэдыжьыр - абыхэм я закъуэкъым экологием пыщІа гугъуехьэхэр, дэтхэнэ зыми дахьэлІахэр. «ЩхъуантІэхэр» экологие партым и щІыналъэ хуэдамэм и унафэщІ Щхьэгъэпсо Сэфарбий топсэльыхь а щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зегъэхьуэжьыным хуэзэуэ зэрфІагъэкІахэм, дяпэкІи я мурадхэм.

- «ЩхъуантІэхэр» партым и щІыналъэ къудамэмрэ абы и тхыдэмрэ укъытхутепсэльыхьыну дыуейт.

Илъэс кІуам «ЩхъуантІэхэм» ягъэпльэІащ къызэрагъэпсэщрэ илъэс 25-рэ зэрикъуар. Ящ1ыкІэ партым фІащат «Кедр» жиІэу, ауэ зэман дэкІри, абы зэреджэр иджырей цІэмкІэ яхъуэжащ. Абы къыщыщІэдзауэ КъБР-м щыІэщ партым и щІыналъэ къудамэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къудамэм и Іэтащхьэу зэман зэмылІэужьыгъуэ хэм щытащ Шевченко Александрэ Хьэлупщ МуІэедрэ, 2014 гъэм и мэкъуэуэгъуэм къыщыщІэдзауэ унафэщІыр сэращ. КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр щыхахым дэ тхуэзэфІэкІащ хабзэгъэбыу орГнем уэстын папщІэ къэхъыным хуей процентитху гъунапкъэм дыщъэдэхьн икІи 2014 гъэм и фокІадэм дэ мандатитІ къыщыптІысыгащ абы. Экологие партым Урысей Федерацэм апхуэдэ екъуІэнчъэ ящ дыдэу къыщыхьауэ арат. Абы и фІыгъэкІэ, 2016 гъэм цІыхухэм я Іащ1э дэхэр зэхуимыкъуэу, партыр хэтауэ щытащ Къэрал Думэм и хэхьнгъэхэм, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы процентитхум щебэкъуэфакъым. Мы зэманым ди партым и къудамэхэм ящ1ыщ къэрал псом ди закъуэщ хабзэгъбзыу органым фракцэ щызиІэр.

- Партым и лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтІам хьэт?

- УФ-м и Къэрал Думэм зи фракцэ щызиІэ партыщхьэхэм я программмэхэм хэтщ «Экологие» Іыхьэр, ауэ къэралым щыІэ парт псоми ящ1ыщ, ахэр щэм щІегъу, ди закъуэщ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэр егъэфІэкІуэрыр, щІыхум, лъэпкъым, цІыхубэм я узынщагъэм хуэсакъыныр къалэн нэхъыщхьэу зыхуэзыгъэувыжар. Ауэ дэ жьитІэркъым нэгъуэщІ гугъуехьэхэр дэгъэкІыни дытемыІэжьэну. Экономикэри, социальнэ Іэнатіэри, экологиери быдэу зэхуимыкъуэ, пэмыжьыпІэ щІымыгъуу хъунрэкъым. Дунейм и къэрал пажэхэм зыщежьэ «экономикэ уэдзыфэм», къиимдзкІэ, экологием кІуэ пэтми нэхъри быдэу пыщІа мэхъу узынщагъэр хъумэн, егъаджэнкъгъэ, спорт Іэнатіэхэри - ар зэманым кьигъэув кьалэнэщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэфащэ гупыпІэ хуэмыщІауэ, щІыналъэкІэ уцэпІыным, мащІэ дыдэ хьуа псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ зэрыкІуэдыжьыр кІыхьэтегъэуфыІэным, кІэрыхубжьэрыхухэр кІуэ пэтми нэхъ куэд зэрыхъум, ерыскъы зэгъыпмэ псы кьабзэмрэ кьаэзремэщІэкІым. Унафэ тедмышцІыхьауэ дэ щІэблэ узынщэ кьэдгъэхъуфыпнукъым. Абы тегузэвыхьыр ди закъуэкъым, атІэ къэралым и унафэщІхэри егъэпейтей а Іуэхум - УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ иригъэкІуэкІа Лиир зэІуэхэм гупытІэ хэха щыхуищІащ. Щ1ынэгъэ гупытІэ хэха щыхуищІащ, щІыналъэкІэ ящ1ыщ, ахэр щыщІащ фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу. Хэхыныгъэхэр щекІуэкІ махуэм хэхьпІэ учэтхэ псоми щыпІэпщІэт псы игъэхъуапІэхэм я щытыкІэр, мафІэсыр зэрагъэунэкІыфІыну щыкІэм ироплъэж.

Кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр хэхьпІэ учэтхэхэм щаухьнущ фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу. Хэхыныгъэхэр щекІуэкІ махуэм хэхьпІэ учэтхэ псоми щыпІэпыруищ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ ведомствэм и лэжьакІуэхэр.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ИраГъэкІуэкІа къыдэзым икъ иткІэ, пщІэнэшу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым техуауэ»: КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ1уІм и 24, *щэбэт*

♦Украинэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм Радэ Нэхъыщхьэм унафэ кІиущащ Украинэр СССР-м къыщэрихэкІыжым икІи абы къэралыгъуэ щхьэхуэу зыкъызэрилъытэжым теухуауэ.

♦Къыргызым и къэрал кІуэцІ дзэхэм я махуэщ

♦79 гъэм Везувий вулканыр къибыргъуакІащ. Абы щыщ щыщ ищІауэ щытащ Помпей, Геркуланум, Стабий къалэхэр.

♦1516 гъэм Алеппэ (Сирие) ищхъэрэ1уэкІэ тыркудзэхэм мысыр мамлюкхэм я дзэхэр щызэтрахьутащ, а Іэщэмкіэ узэуэнэр мызахуагъэу, уеблэмэ щІэпхъаджагъэу иужьрейжи къалъытэри, топхэр кьагъэссэбэпын ядатэкъым.

♦1758 гъэм Москва дэт яп9 медицинэ институтыр къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту ар Сеченов И. М. и цІэр зезыхьэ Ябп9 Москва къэрал медицинэ университетыщ.

♦1830 гъэм дунейм екьжащ Къэбэрдейм и пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыкъ.

♦1853 гъэм США-м и Нью-Йорк штатым хихьэ Саратога-Спринг кьалэ цІыкІуи и ресторанхэм ящ1ыщ зым яп9у щагъэжащ ди зэманым икъуэкІ цІэрыІуэ чипсхэр - пІащІабзэу зэтегъэжа кІэртІофым къыхэщІыкІахэр.

♦1827 гъэм индустриализацэм и яп9 къэрал займхэр къыдагъэкІащ.

♦1904 гъэм Урысейм унафэ къыщыщІагъэкІащ къуаншагъэ зылэжьа цІыхум тралъхьа тезыгьр щрагъэпшынкІэ удын традзэну зэрыхуимытым теухуауэ.

♦1943 гъэм Къардэн Къубатий «Совет Союзым и Лы1ухъжь» цІэр къыфІащащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Молдавиер фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1949 гъэм кьару иГъэтащ НАТО-р къызэрэпэщыным теухуауэ мэлыжьыкъым Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэм.

♦1990 гъэм Таджик ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьиущащ и къэрал суверенитетым теухуауэ.

♦1991 гъэм Горбачёв Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэ къулыкъум зэрыстекІыр хэІущІыну ищІащ икІи ЦК-р зэбгрыкІыжьыну къыхуриджащ.

♦1995 гъэм Куржым и Конституцэр кьащтащ.

♦2008 гъэм Пекин щызэхуащІыжащ XXIX гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Ахэр тхуэгурІуэрат ди республикэм - Пекин дыщэ медаль кьрихуэу щытащ ди бэнакІуэ Хъущт Аслъэнбэч.

♦Урысей журналист, тхакІуэ, УФ-м и Президенту щыта Ельцин и пресс-секретару лэжьа **Костиков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Къумпіыл Хъадырбэч** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей космонавт, УФ-мрэ Кьыргызыз Республикэмрэ я Лы1ухъжь **Шарипов Салижан** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхьынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэ1уІм и 25, *тхъэмахуэ*

♦Шахтёрым и махуэщ

♦Дзыгъунэфым и дунейпсо махуэщ

♦Бразилием щагъэлъапІэ сэлэтым и махуэр

♦1609 гъэм Италием щыщ физик, астроном Галилей Галилео цІыхухэм яригъэлъэгъуащ и ІэмэпсымэщІэр - телескопыр.

♦1919 гъэм дунейм щыяпэу Лондон - Париж гъуэгуанэм кхъухьлатэхэр трагъэуващ икІи пІалъэ пыухыкІам тету рейсхэр яГъэзащІу щІадзащ.

♦1944 гъэм Берлин и Плётцензее гъэрэщым щауКІащ фашизмэм и бий гупым щыщхэр. Абыхэм яхэтащ тэтэр усакІуэ, иужькІэ «Совет Союзым и Лы1ухъжь» цІэр зыфащащ Джалил Мусэ.

♦1944 гъэм Франдзым и кьалащхьэ Париж нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦1949 гъэм Москва щыщІэзыІуахащ мамырыгъэм и телъхьэхэм я яп9 союзэпсо конференцыр

♦1960 гъэм Италием и кьалащхьэ Рим къыщыІэзыІуахащ XVII гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Ахэр фокІадэм и 11 щІщондэ екІуэкІащ.

♦1973 гъэм томограф Іэмэпсымэр яп9у кьагъэсэбэпащ.

♦1990 гъэм Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм хэІущІыІу ищІащ я щІыналъэр Куржым и унафэм зэрыщІымытыжыр.

♦1991 гъэм Белоруссиер къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуауэ унафэ кьащтащ.

♦1997 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Культура» урысейпсо къэрал телеканалыр къызэрэпэщыным теухуауэ унафэм.

♦Рюриковичхэ ящ1ыщ яп9 урыс пащтыхь, адыгэ малъхъэ **Иван IV Грозный** къызэралъхурэ илъэс 489-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Данелие Георгий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Инджылыз, америкэ киноактёр, продюсер, «Оскар» саугьэтыр зыхуагъэфэща **Коннери Шон** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Тереховэ Маргаритэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийкэр зыхъ, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Соловьёв Сергей** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Футболист, гъэсакІуэ, СССР-м спортымкІэ и мастер, «Рубин» командэм и тренер нэхъыщхьэ **Бердыев Курбан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Нейрохирург, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Семэн Жанна** къыщалъхуа махуэщ.

♦Публицист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Нэмыцэ модель, актрисэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шиффер Клаудие** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхьынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Шыщхьэ1уІм и 26, *блыщхьэ*

♦Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Осетие Ипщэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Тыркум Іэщэкіэ зэщІэузэда и къарухэм я махуэщ

♦США-м щагъэлъапІэ цІыхубэхэм я хуитыныгъэм и махуэр

♦1382 гъэм тэтэр хьан Тохъутэмыщ и дзэм Москва къиубыдащ икІи абы лыгъэ иридзащ. Абы кІэлъыкІуэ яубыдат Владимир, Переславль, Юрьев, Звенигород, Можайск къалэхэр.

♦1723 гъэм Петергоф псэутхэхэм я комплекс щаутІыпщащ.

♦1728 гъэм Беринг Витус Америкэмрэ Азиемрэ я псыдэжьыпІэр къихутащ. Зэман дэкІри, абы къэхутакІуэм и цІэр фащІыжащ.

♦1858 гъэм телеграф Іэмэпсымэр яп9у кьагъэсэбэпауэ щытащ

♦1943 гъэм советыдзэм щІидзащ Днепр псыр нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэм къэІэщІагъэкІыжьыным, Украинэм щыщ Іыхьэр хуит къэщІыжьыным хуэунэтІа зауэм.

♦1972 гъэм Германием и Мюнхен къалэм къыщызэІуахащ XX гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Фокіадэм и 10 пщІондэ екІуэкІа а зэхьэзэхуэхэм хэтащ къэрал 121-м я лІыкІуэу цІыху 7170-рэ. Олимпиадэр здекІуэкІым нэщхъеягъуэшхуэ къэхъуат - Израильм и командэм щыщ цІыху 11 хэкІуэдауэ щытащ журтэм яхуэгъэзауэ ялэжьа терактым.

♦1908 гъэм Тыркум яп9 Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм РАН-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэкъухэтакІуэ институтыр къызэІуахащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр зэхъэхуэта **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 568-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, оператор, актёр, композитор, фильм зыбжанэм я сценарийкэр зытха **Тодоровский Пётр** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкІэ дунейпсо академиемк и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Арлазоров Ян** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦«Тетраграф» ООО-м и унафэщІ, ДАХ-м и саугьэтыр зыхуагъэфэща **Шакъ Эльберд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджылакІуэ, музыкант, композитор **Земфирэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхьынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыгъужьым мэл зыфІихьынур и пыІэ щыгукІэ къещІэ.

● Шынагъуэншагъэ

Хэхыпіэ участкэхэр МЧС-м къепщытэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щыхахынум ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщащытэ хэхакІуэ комиссэхэр щылэжьэну пэшхэр, хэхьпІэ участкэхэр. Планым хэмыхьэ къэщыщтэжьэхэр ирагъэкІуэкІ УФ-м и Президентым пщэрылъ къащищІауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьэнущ хэхьпІэ участкэу 367-рэ. Налшык къалэмкІэ кІэлъыплъынныгъэ Іуэхумрэ профилактикэ лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм щащыщитащ курыт еджапІэ №18-м щыІэ хэхьпІэ участкэр мафІэсым зыщыхъэмэнымкІэ къагъэувэм къитІаесэмэ. Гулъытэ хэха хуащІащ щІэгъэІэпхъуныкІпІэхэмрэ щІэкІыпІэхэмрэ я щытыкІэм, ящ1у къагъэсэбэп мафІэр зэрагъэунэкІыфІ Іэмэпсымэхэр яІэмэ икІи ахэр зэпэщмэ, мафІэсым зэрыпэщІэт псыпгъэхъуапІэхэр, мафІэс автомат сигнализацэмрэ цІыхухэм хъыбар зэрырагъащІэмрэ зэрылажьэм. Жэуап зыхь цІыхухэм мафІэсым зэрыпэщІэт инструктажхэр драгъэкІуэкІащ.

МафІэсым щыхъумэным ехьэлІауэ Урысей МЧС-м и Іэнатіэхэм хэхьпІэ учэтхэхэм щылащ мафІэс-тактикэ дерсхэмрэ зыгъэсэзныгъэхэмрэ. МафІэсышхуэхэр гъэхьнІыфІыныкІэ мафІэс-кьеГъэлакІуэ часть хэхам и унафэщІ Лу Сэлим Іэнатіэм и пльыр къэрэгъулым дерсхэр ядгирГъэкІуэкІащ. Абы жиІыбдэу хэпащІэтэ екІуэлІапІэхэр, мафІэсым зэрыпэщІэт псы игъэхъуапІэхэм я щытыкІэр, мафІэсыр зэрагъэунэкІыфІыныр щыкІэм иропльэж.

Кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр хэхьпІэ участкэхэм щаухьнущ фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу. Хэхыныгъэхэр щекІуэкІ махуэм хэхьпІэ участкэ псоми щыпІэпырыщ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ ведомствэм и лэжьакІуэхэр.

«Партизан» Натхъуэ Бибрэс

● Ди лъэпкъэгъуэхэр

Израильм футболымкІэ и командэ къыхэхам и капитан Натхъуэ Бибрэс иджыблагъэ зэгурыІуэныгъэ ирищыІлащ Сербием щынэхъ цІэрыІуэ икІи щынэхъ лъэщ дыдэ Белград и «Партизан»-м. Ар абы хэтынущ дызыхуэхъкІуэ илъэсищым.

ХАМЭ щІыпІэм щитІысыкІа Кфар-Камэ адыгэ кьуаажэм къыщалъхуами, адэжь Хэкум цІэрыІуэ щыхъуащ Натхъуэ Бибрэс. Къэзан и «Рубин»-мрэ Мэзкуу и ЦСКА-мрэ яхэту Европэм и къэрал куэдым я стадионхэм пщІэрэ щІыхьэ щиІэу зыкъыщыригъэлъэгъуащ. Иужь илъэсым Аныджым Іэпхъуэри, абы хьихьэ Пирей кьалэм и «Олимпиакос»-м ехьулІэныгъэкІэ щыджэгуащ икІи дыжьын медаль иужь зэхьэзэхуэм щызыІэригъэхьащ. Иджы и зэфІэкІхэр Сербием и чемпионатым щигъэлъэгъуэнущ.

ЩІалэ дыдэу Бибрэс Тель-Авив и «Хапоэль»-м джэгун щригъэжьащ. ИужькІэ Къэзан и «Рубин»-м, Афинхэм я ПАОК (Алыдж) командхэм ирагъэблагъащ. Иужь илъэсхэм Мэзкуу и ЦСКА-м и пашэхэм ящ1ыщ зыуэ щытащ. Абы къихьащ Израильмрэ Урысей Федерацэмрэ я кубокхэр, Урысейм и суперкубокыр. Ар ди къэралым и чемпионщ, кищынэмыщІауэ, дижьын (тІэунэйр), жэз медалхэр зыІэригъэхьащ, Аныджым дыжьынымрэ жэзымрэ къыщихьащ.

Зы илъэси кьаэнэркъым Натхъуэ Бибрэс Чемпионхэм я Лигэм и Европэм и Лигэм щымыджэгуу икІи и ІэзагъымкІэ кьеплъхэр кьыдимыхьэху, дзрэжэгъуэ яримыту. Мис аргуэрди Белград и «Партизан»-м дэщІыгъуэ Европэм и Лигэм хэт командхэм я зэІущІэхэм зыкъыщыгъэлъэгъуэнущ.

- Бибрэс хуабжьу уеящ и адэжь Хэкум къыгъэзэжьну, - къыджиІащ Адыгэйм щыпсэу абы и адэ къуэш, нэхъапэм совет футболист икІи тренер гъуэзэджэу щыта Натхъуэ Іэдэм. - АрщхьэкІэ кІасэІуэу зэпсэльэныгъэхэм щІэздзащ, командхэм хэтыныхэр яубзыхуауэ. Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щыджэгуэу «Сочи»-мрэ «Рубин»-мрэ нэхъ дапыщІауэ щытащ, ауэ абыхэм кІыхьлІыхь зыщащІыну, хуабжьу къыщІэупщІа Белград и «Партизан»-м хьихьэну чэнджэщ естащ.

Илъэс 31-рэ зи ныбжь Натхъуэ Бибрэс и джэгуІэфІым иджыри къэс дэрэжэгъуэ ин кьыдиту щытащ. Адэжьи апхуэдэу зэрекІуэкІынум шэч къытетхъэркъым икІи, дэнэ щІыпІэ къыщыщІидзми, ди нэІэ тетынущ, и хьыбарыфІхэми фыщщІгъэгъуэзэнущ.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

Адыгэ бзылъхугъэ

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**

● Ди нэхъыжьыфІхэр

И къару емыблэжу

1970 гъэхэм колхозым хьэлэлу хуэлэжьахэм ящыщщ Мэкъуауэ Зое. Абы къат щы гектар Іыхьэр сыт щыгъуи псом япэу зыхуей хуигъэзэрт. Пенсэм кІуэху а бзылъхугъэр и гуащІэ емыблэжу Болэтей къуажэм щыІа «Заря коммунизма» колхозым хэтащ, сыт хуэдэ Іэнатіэ къыхуагъэлъагъуэми Іуэхур нэгъэсауэ зэфІыху.

БЖЬЫХЬЭ зэманыр къэсамэ, нартыхур кьрахьэлІэжьрти, жылэдэсым ар центнер зырызу трагуашэрт, ягъэлъэлъэн хуейуэ. Абы щыгъуэми Зое и лэжьыгъэкІэ псоми къахэщырт, кьрата нартыхур япэ дыдэу зытыжхэм ящыщт.

Болэтейм джэд фермэшхуи дэтащ. Ар зэрахуауэ щыта ятІэ чырбышыр къуажэдзс бзылъхугъэхэм ягъэжат. Зое и гъусэу а зэманым лэжьыгъэм жыджэру хэтащ Губэчкъуэ Жанпагуэ, Гъэсашэ Зое, Мэкъуауэ Лиз, Балъкъэр КІуплІэ сымэ. Джэд фермэр илъэс куэдкІэ лэжьащ колхозым фейдэ кьыхуихьыу.

Къуажэ колхозым Гъыдэ Хьэжбий щиунафэщІам икъукІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІыу ізэрыщытам тезуауэ Зое жеІэ: «А лъэхъэнэм зы илъэс сщІэжыркъым нартыхур кьышыдэмыхъуІа къэхъуауэ, бэв хъуауэ гъэ кьэс ар Іутхыжырт. Колхозым игъэкІ щІэпри ткъузырт. Ар Май кьалэм едгъашэрти, абы щэкІ кьышыхащІыкІырт. Нобэ хуэдэу сощІэж шылэ хьэпІацІхэр дгъашхэу зэрыщытари. Абыхэм щхьэкІэ тутей жыг хадзэр хэтсэрт, дгъэкІырт. ХьэпІацІэкэр гъущапІэм щаІыгът, дыгъи кьатемыпсэу, уэшхи кьатемышхэу. ХьэпІацІэкэм ящІ шылэ Іуданэхэр килограмм бжыгъэкІэ тщэрт».

Мы бзылъхугъэ лэжьакІуэшхуэм пхъуищрэ зы щІалэрэ ипІащ. И щІалэ закъуэм гу щихуэну кьыхуиухатэкъым анэм. Рашид армэм хъарзынэу кьулыкъ щищІауэ, щІыхь тхьилъхэр кьыхуагъэфэщауэ, Афганистан зауэм хиубыдэри, мазихкІэ абы щызэуащ. КъэкІуэжат, арщхьэкІэ гъащІэ мащІэу кьыщІэкІат - илъэс 21-рэ щыхъум дунейм ехьжащ.

Зое и щхьэгъусэ Хьэмушкіи щыІэу гуапэу, лэжьакІуэлІу щытащ. ПъэкІыху тракторист ахъыбэзману къуажэм яІащ. 1952 гъэм абы «Беларусь» тракторыщІэ кьыхуагъэфащэри, иригушхуэу ирилэжьащ, зэпымыууэ щІыхь пхъэбгъум и цІэр итащ.

Нэхъыжьыфіхэм къызэрымыкІуэу гугъу зрагъэхьащ ди лъахэми цІыхухэми зауэжьыным теухуауэ, абыхэм пщІэрэ гулъытэрэ яхуэтщІыныр ди кьалэнхэм ящыщ зыщІ.

АЛЪХЪО Дыжьын.

Сурэтым: **Мэкъуауэ Зоерэ** *(сэмэгурабгъуемкІэ щытщ)* **жэмыш пашэу щыта Фэнэий Валентинэрэ.**

Пасэрей Іэщ Іагъэ

Мамбэт Иринэ еханэ классыр къыщицухым ирихьэлІэу, и адэм газетым къэбарегъащІэ тету къилъэгъуат дэрбэзэр Іэщ Іагъэм зыхуэзыгъэсэну хуейхэр Сабий художественнэ школым (Налшык къалэ) ирагъэблагъэу. Ар цІыхубз Іэщ Іагъэу къилъытэрти, хъыджэбз цІыкІур абы хригъэтхащ...

ИДЖЫ Иринэ ид адыгэ фащэхэмкІэ, дыщэдэдэм зэрыхуэІззэмкІэ, хьэпІацІэщыгъэкІэ хидыкІ хьэпшыпхэмкІэ республикэм къыщацІыху хъуащ.

- Адыгэм къыдэгъуэгурыкІуэ Іэщ Іагъэфіхэм ящыщщ фащэ дыныр, тхьипхъэщІыпхъэхэр хэдыкІыныр. Ар си гум занщІэу къыпхъуэтащ, псом хуэмыдэу дыщэидэ щІыныр. Лъэпкъ Іэщ Іагъэм сыхэзыша, сыхззыгъэгъуэза егъэджакІуэфІхэр сиІащ. Ахэр Гущинэ Людмилэ, Яровицкая Таирэ, Мэлбахъуэ Аринэ, Сэралъп Мадинэ сымэщ, - жеІэ Иринэ. - ИужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым декоративно-прикладной гъуэзджэмкІэ и къудамэм нэхъ куууэ лэжьыгъэм сыщыхэгъуэзащ. Нэхъыщхьэрати, Іэщ Іагъэм сыхьэкІуэу, абдеж щыдагъэджащ лъэпкъым кьыдекІуэкІ тхьідэри щэнхабзэри. Ахэр кьыгуэхьіпІэ имыІэу епхащ мы Іэщ Іагъэм.

Мамбэтыр иджыри еджэу, Хьурей Жаннэ и нэІэм щІэту «Березка» Іуэхущ Іапіэм щылэжьащ, зэрыжиІэмкІи, утыку кьызэрихьэ фащэкэр псынщІэу, екІуу дын и лъэныкъуэкІэ куэд абдеж кьыщищІащ. Апхуэдэуи Иринэ зыхэта зэхьэззэхуэ зэмылІэужьыгъуэ зыбжанэм екъуІэныгъэхэр кьыщихьащ, псалъэм папщІэ, КъБКъУ-р кьыщиухым абы ищІа «Гуащэнэ» гуащэ цІыкІухэм етІуанэ увыпІэр кьыщыхуагъэсфэщауэ щытащ Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ округым и дизайнер ныбжьыщІэхэм я «Стильный акцент» зэпеуэм. Иринэ езым кьиуха кафедрэм лаборант нэхъыжьу щылэжьэныи иужькІэ хунэсащ.

2011 гъэм Мамбэтыр щІэтІысхьэжащ Гъэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэм институтым и аспирантурэм. Абы и щІэныгъэ лэжьыгъэр зытриухуар адыгэ фащэхэм я тхьипхъэхэм я зэхэлъыкІэрщ.

«Нэхъ ипэкІэ цІыхухъум «шэтемыгъахуэ дженэ» жаІэу хуаду щытащ. Ар зыдыр и Іыхьлы нэхъ гъунэгъу дыдэхэрат: и щхьэгъусэм, и анэм е и шыпхъум. КъызэрлъытэмкІэ, абы цІыхухъур кьыщицхьумэн хуейт зауэм. Псом хуэмыдэу мыхьэнэщхуэ иратырт дженэм тращІыхь дамыгъэхэм. Адыгэхэр мажуий диным щитам я фІэщ хъурт а тхьипхъэхэм кьаруушхуэ зэраІэр. Апхуэдэ дыдэу хъыджэбзым и бостейм и щІыІутелъым и кьуапэхэмэ Іэмал имыІэу тхьипхъэхэр хадыкІырт «кьихъумэн» щІагъыбзэр иІэу. ПыІэращи, абыи и щІыкІэмрэ плъыфэмрэ гулъытэшхуэ иратырт адыгэхэм. ЦІыхубзыр унагъуэ ихьэу япэ сабий игъэта нэужь, тхьэмадэм абы и пыІэр Іэпъащ Іэ зэрихьэщІыкІырт. ЗэлущэкІэмм мыхьэнэшхуэ иратырт, ар щІыкІт бдзэжьей зэрещэ хъым ещхьу. А зэрыхъэкІэр нэхъ пасэрей дыдэхэм ящыщщ. Къуапэхэм хадыкІ тхьипхъэхэм кьагъэльагъуэрт Іэльэщ Іыр щада махуэр, и ныбжьыр. ИкъукІэ гъэщІэгъэуэн куэд дыдэ щІагъыбзэр щІалъхьэфырт адыгэхэм я тхьипхъэхэм. Ауэ иджыпсту апхуэдэ дыдэу тхьипхъэщІыпхъэхэм я мыхьэнэм куууэ пхырыплъэжьыркъым, нэхъыбэм дахагъэ кьыззрыдгъэльагъуэ Іэмэпсымэ аэр хъуащ», - пещэ Иринэ.

Мамбэтым и адыгэ фащэхэмрэ чысэхэмрэ нэгъабэ щигъэльэгъуащ Эстониием. Мы гъэми Иринэ лэжьыгъэ купщІафІхэр иІэщ. Абы Блий Алинэ и гъусэу адыгэ фащэхэр дынымкІэ дерсхэр илъэс ныкъуэкІэ иригъэкІуэкІащ, цІыху 14-м ядэлажьэу. А Іуэхум пащэу, бзылъхугъэхэм я мурадщ цІыхухъу фащэмрэ дыщэидэ Іэщ Іагъэмрэ щхьэхуэу щыхуагъэсэну дерсхэр кьыззрагъэпэщыну.

КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ Линэ.

Мамбэт Иринэ

● Щапхъэ

Джэдгъэф ФатІимэ

Пшынэр зыгъэбзэрабзэ

Илъэситхум къэзан пшынэ щыкІур Іэпэгъу хуэхъури, Джэдгъэф ФатІимэ пшынауэ Іэзэ кьыхэкІащ.

«ПШЫНЭ еуэну псори зыщыгугъар си шыпхъурат, абы и Іэпэхэр а Іэмэпсымэм хуэщІауэ кьалъытэрт. АрщхьэкІэ ар къэзыщтар сэращ, - жеІэ бзылъхугъэм. - Пшынэм кьиІукІ макъым сызэрыдихьэхым гу лъызытар ди гъунэгъу псэу щыхубзрат, абы си адэ-анэм кьажриІауэ щытащ а макъамэ Іэмэпсымэм щыхуагъасэ еджапІэм сратыну...

Налшык къалэм и Музыкэ школым кьыщыщІидзэри, ФатІимэ пшынэ еуэным щыхуеджащ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ колледжымрэ ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтымрэ. Псори зэхэту а Іэщ Іагъэм бзылъхугъэр илъэс 14-кІэ хуеджащ. Илъэс тІощІым щІигъуауэ «Кавказ пшэплъэр» сабий ансамблым щолажьэ.

- Адыгэ къафэжьхэр нэхъ хэубыдыкІауэ сыт щыгъуи сфІэфІу щытащ. ЕдгапІэм нэгъуащІ лъэпкъ къафэхэр хъуми, классикэ жыпІэми, псори зэхэту дагъэджьырти, ди макъамэхэм сызэрыуейм хуэдэу гулъытэ щыхуэтщІыфыртэкъым. Абы кьыхэкІыу Бер Мадинэ и деж сыкІуэурэ нэхъ тегъэщІауэ ди лъэпкъ къафэхэм зэреуэм зыхэзгъэгъуэзащ. ЕгъэджакІуэу сиІахэм я гугъу пщІымэ, ахэр Кхъужэ Мадинэ, Къашыргъэ Мадинэ, Сокъур Анжелэ сымэщ. ФІыщІэ яхузощІ дэтхэнэми, - къыхегъэщ щІыхубзым.

ФатІимэ и щхьэгъусэри пшынауэщ, колледжым щызэдеджауэ щытащ. Заур илъэс тІощІым нэблагъэуэ «Нальчанка» гупым и пшынауэщ. Зэщхьэгъусэхэм пшынэ еуэкІэм ныбжьыщІэхэр хуагъасэ, кьищынэмыщІауэ, илъэсих мэхъу «Пшынальэ» ансамблыр кьызэрызэгъэпэщрэ. Абыхэм я пшынауэ гупыр лъэпкъ щэнхабзэм кьыхожаныкІ. Республикэм хьэщІэ лъапІэхэр кьыщыкІуэкІэ «Пшынальэ» ансамблым куэдрэ кьыхуохуэ я макъамэхэмкІэ ахэр кьрагъэблагъэну. Апхуэдэуи, ФатІимэ зэрыжиІэмкІэ, щІынальэ, урысейпсо зэпеуэхэми гупыр жыдэру хэтыну хунэсащ. Псалъэм папщІэ, абыхэм саугъэт нэхъыщхьэр кьыщыхуагъэфэщащ «Шемякиным и гъатхэ» дунейпсо фестивалым и зы Іыхьэм, япэ увыпІэр кьыщахьащ «Верь в свою звезду» VIII дунейпсо зэхьэзэхуэми.

- Гупым сыдэлэжьэныр сыт щыгъуи сфІэфІти, нэхъапэІуэкІэ сегупсысакъым ныбжьыщІэхэр гъэсэным и ужь сихьэну. Илъэсих и пэ, нобэ хуэдэу сощІэж, щІакъуэхъэ сыкъыщІэкІауэ, ди хьэблэ щІалэ цІыкІу кьызбгъэдыхьэу пшынэ еуэфу згъэсэну кьызэрызэлъІуар. Ар сызыпэмыплъа Іэхут, ауэ щІалэгъуалэм садэлажьэну сытегушхуэщ. Си мурадри си щхьэгъусэм кьыздиІыгъащ, хуэмурэ езыр-езыру лэжьэн щІэддзащ. Иджыпсту дгъэсэ сабийхэри нэхъыбэ хъуащ, я зэфІэкІхэри нэхъ нэрылъагъущ, - жеІэ ФатІимэ.

Зауррэ ФатІимэрэ я «Пшынальэ» гупым цІыху 13 хэтщ, тІур хъыджэбзщ адрейхэр щІалэщ. Ансамблым къищынэмыщІа, зэщхьэгъусэхэр ядолажьэ иджыри ныбжьыщІэ 20-м щигъуэм.

- Пасэ зэманым цІыхубз пшынауэхэр нэхъыбэу щытамэ, иджыпсту а Іэщ Іагъэр нэхъыбэу къэзыщтар щІалэ цІыкІуэхрац. Ди лъэпкъ щэнхабзэм зэрыдедгъэхьэхынум дыхущІокъу, къищынэмыщІауи, осетин, дагъыстэн, шэшэн къафэхэми щІалэгъуалэр хьдогъэгъуазэ. Ди дерсхэм къекІуэлІа зыбжанэ музыкэ еджапІэхэм щІэтІысхьащ, - жеІэ ФатІимэ.

ПШЫНАУЭ зэщхьэгъусэхэм я унагъуэм щІалитІ кьыщохъу, Анзоррэ Идаррэ. Ахэр «Пшынальэ» гупым хэтщ. Зыр бэрэбанауэщ, адрейр пхъэщІыч йоуэ. Пшынэр Іэпэгъу ямыщІами, ахэри щэнхабзэм дихьэхащ: Анзор ударэ Іэмэпсымэхэр кьыхихауэ музыкэ школым абы зыщыкъуегъасэ, зэпеуэхэм саугъэт нэхъыщхьэхэр кьыщехь. Сочэ щыІэ «Сириус» еджапІэм ар иджыблагъэ щыІащ. «Тіуми ягъэдубдакъым Іэмал имыІэу пшынэ еуэн хуейуэ. А Іэщ Іагъэр уи гум кьимыщтэмэ, мыхьэнэ иІэкъым. Сэ пшынэр сымыІыгъыу си нэгу кьысхуущІэгъэхьэркъым, си гъащІэр абы теухуа зэрыхъуам си гур хегъахъуэ», - кьыхегъэщ ди псэльтэгъум.

ФатІимэ макъами етх. Абы и уэрэдэхэр жаІэ республикэм и артист пажэхэу Хьэкъул Оксанэ, Абей Рустам, Кудзаев Къазбэч сымэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

● Ди нэхъыжьыфІхэр

И къару емыблэжу

1970 гъэхэм колхозым хьэлэлу хуэлэжьахэм ящыщщ Мэкъуауэ Зое. Абы къат щы гектар Іыхьэр сыт щыгъуи псом япэу зыхуей хуигъэзэрт. Пенсэм кІуэху а бзылъхугъэр и гуащІэ емыблэжу Болэтей къуажэм щыІа «Заря коммунизма» колхозым хэтащ, сыт хуэдэ Іэнатіэ къыхуагъэлъагъуэми Іуэхур нэгъэсауэ зэфІыху.

БЖЬЫХЬЭ зэманыр къэсамэ, нартыхур кьрахьэлІэжьрти, жылэдэсым ар центнер зырызу трагуашэрт, ягъэлъэлъэн хуейуэ. Абы щыгъуэми Зое и лэжьыгъэкІэ псоми къахэщырт, кьрата нартыхур япэ дыдэу зытыжхэм ящыщт.

Болэтейм джэд фермэшхуи дэтащ. Ар зэрахуауэ щыта ятІэ чырбышыр къуажэдзс бзылъхугъэхэм ягъэжат. Зое и гъусэу а зэманым лэжьыгъэм жыджэру хэтащ Губэчкъуэ Жанпагуэ, Гъэсашэ Зое, Мэкъуауэ Лиз, Балъкъэр КІуплІэ сымэ. Джэд фермэр илъэс куэдкІэ лэжьащ колхозым фейдэ кьыхуихьыу.

Къуажэ колхозым Гъыдэ Хьэжбий щиунафэщІам икъукІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІыу ізэрыщытам тезуауэ Зое жеІэ: «А лъэхъэнэм зы илъэс сщІэжыркъым нартыхур кьышыдэмыхъуІа къэхъуауэ, бэв хъуауэ гъэ кьэс ар Іутхыжырт. Колхозым игъэкІ щІэпри ткъузырт. Ар Май кьалэм едгъашэрти, абы щэкІ кьышыхащІыкІырт. Нобэ хуэдэу сощІэж шылэ хьэпІацІхэр дгъашхэу зэрыщытари. Абыхэм щхьэкІэ тутей жыг хадзэр хэтсэрт, дгъэкІырт. ХьэпІацІэкэр гъущапІэм щаІыгът, дыгъи кьатемыпсэу, уэшхи кьатемышхэу. ХьэпІацІэкэм ящІ шылэ Іуданэхэр килограмм бжыгъэкІэ тщэрт».

Мы бзылъхугъэ лэжьакІуэшхуэм пхъуищрэ зы щІалэрэ ипІащ. И щІалэ закъуэм гу щихуэну кьыхуиухатэкъым анэм. Рашид армэм хъарзынэу кьулыкъ щищІауэ, щІыхь тхьилъхэр кьыхуагъэфэщауэ, Афганистан зауэм хиубыдэри, мазихкІэ абы щызэуащ. КъэкІуэжат, арщхьэкІэ гъащІэ мащІэу кьыщІэкІат - илъэс 21-рэ щыхъум дунейм ехьжащ.

Зое и щхьэгъусэ Хьэмушкіи щыІэу гуапэу, лэжьакІуэлІу щытащ. ПъэкІыху тракторист ахъыбэзману къуажэм яІащ. 1952 гъэм абы «Беларусь» тракторыщІэ кьыхуагъэфащэри, иригушхуэу ирилэжьащ, зэпымыууэ щІыхь пхъэбгъум и цІэр итащ.

Нэхъыжьыфіхэм къызэрымыкІуэу гугъу зрагъэхьащ ди лъахэми цІыхухэми зауэжьыным теухуауэ, абыхэм пщІэрэ гулъытэрэ яхуэтщІыныр ди кьалэнхэм ящыщ зыщІ.

АЛЪХЪО Дыжьын.

Сурэтым: **Мэкъуауэ Зоерэ** *(сэмэгурабгъуемкІэ щытщ)* **жэмыш пашэу щыта Фэнэий Валентинэрэ.**

Жылагъуэ лэжьакІуэ Къумыкъу Каринэ

● Гъуэгу къежьапІэ

«ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Къумыкъу Каринэ ззш зымыщІэ, нобэрей гъащІэм жыджэру хэт щІалэгъуалэм ящыщщ. Щэджэм щыщ хъыджэбзым нэгъабэ екъулІэныгъэкІэ хуиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ЩІалэгъуалэм ядэлажьэныр кьызэгъэпэщынымкІэ и къудамэр.

- Каринэ, жылагъуэ лэжьыгъэм дауэ яужь уихьа?

- Жылагъуэ Іэхум 2012 гъэ лъандэрэ сыхэтщ. ЕджапІэ нэхъыщхьэ сыщІэтІысхьа нэужь, студентхэм я зэгухьэныгъэм сыхьыхьэри, а Іэхум сыпыщІа хъуащ. Ауэ абы щыгъуэм нэхъыбэу спорт Іэхухэрэт сыдэзыхьэхыр, сыту жыпІэмэ сызэрысабийрэ дзюдом екъулІэныгъэ гуэрхэр зэрыщыгъэлъагъуэу сыхэтати. БаскетболымкІэ, волейболымкІэ, нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэмкІи сыт хуэдэ зэпеуэ кьызэрагъэпэщми сыхэтт. КьыщынэмыщІауэ, щІалэгъуалэ зэхьыхьэхэм сфІэфІу сыт щыгъуи сахьыхьэрт. Къапщтэмэ, абы щыгъуэм сегупсысыртэкъым жылагъуэ Іэхум адэкІэ селэжьыну, ауэ хуэмурэ сыдихьэхыпащ. 4-нэ курсым сынэсауэ, Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым (Налшык къалэ) сыщылэжьэну срагъэблагъащ. Волонтёрхэм я гъусэу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я деж дыкІуэрт, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм дащІыгъуу зэфІэтхт, флэшмоб кьызэдгъэпэщырт, жыпІэнумэ, республикэм и гъащІэм жыджэру дыхэтт. Куэд дэмыкІыу Іуэхущ Іапіэм и къудамэм и унафэщІ сащІри, нэхъ куууэ а лэжьыгъэм егупсысын щІэздзащ. КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэмрэ Урысейм ис лъэпкъхэм я щІалэгъуалэ ассамблеем и щІыналъэ къудамэмрэ сыхьыхащ. Жылагъуэ Іэхум сыдихьэхыу сыхьыхьэри, ар лэжьыгъэ сохъэхуэжащ.

- Мы зэманым «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэми урунафэщІщ. Сытхэр зэфІэзгъэкІрэ, Каринэ?

- Ялпэщ Іыкіэ а зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр ззгъэзуІуу сыхэтащ, и ужькІэ Іэхум нэхъыфІу сыхэгъуаззэри, абы и унафэщІ сащІащ. «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэр Урысейм щынэхъ ин дыдэщ, цІыху мин 200-м щигъу кьызэщІуибыдэу. Ди щІыналъэр къапщтэмэ, абы цІыху мини 2-м щІигъу хэтщ. Иджыпсту нэхъ зыдужьащ, районхэм ди къудамэхэр кьыщызэзІутхыну ди мурадщ. Ветеранхэм я республикэ зэгухьэныгъэм ди долажьэри, зэгупсысу зэІущІэхэр идогъэкІуэкІ.

Мы гъэм и гъатхэпэм дэ пашэ дыщыхъащ ТекІуэныгъэ Иныр кьызэрытхьрэ 2020 гъэм илъэс 75-рэ зэрырикъунур гъэхьэзырынымкІэ Урысейпсо зэпеуэм икІи ди щІыналъэ къудамэр хахащ махуэшхуэм иращІыІэ Іуэхухэр Кавказ Ищхьэрэм хыхь республикэхэм кьызэрыщызэрагъэпэщыр иунэтІыну. А лэжьыгъэр и нэІэм щІэтынущ мы гъэм Налшык къыщызэІутха зэзэгъэуІу центрым. Къэбгъэльагъуэмэ, мы зэманым дгъэбелджылауэ диІэщ мазэ кьэс дгъэззэщІэну къалэнхэр. КьинэмыщІауэ, адрей щІыналъэхэм дыкІуэнущ, волонтёрхэр дгъэхьэзырынущ. «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэу кьызолъытэ, псом хуэмыдэу ТекІуэныгъэ Иныр щыдгъэльагъэпІэкІэ ар щІэгъэкъуэнышхуэ мэхъу. Илъэс кьэс накъыигъэм и 9-м екІуэкІ Іуэхугъуэхэр (псалъэм папщІэ, «Полк уахътыншэр») кьызэззыгъэпэщхэм дэ дахэтщ, кьэралым и щыхьэрым щекІуэкІ «ГуфІэгъуэ парадым» кІуэнухэр кьыщыхахкІэ, ди къудамэм щыщхэри абы зэрыхэдгъэзэным и ужь дитщ. Си гуапэу кьыхэзгъэщынщи, мы гъэм абы хэтащ ди волонтёр ныбжьыщІэ Газарян Артур.

- НэгъуэщІ зы Іуэхугъуэ щхьэпи иджыблагъэ евгъэкІуэкІащ, «Сталинград зэхуэу» фІэщыгъэр иІэу.

- А квест-джэгукІэр ди жэрдэмкІэ кьызэдгъэпэщащ, зи гугъу сщІа ззэыгъэуІу центрыр кьыщызэІутхым. Пэшым щІэтыпхъэ псори - хьэпшып, техникэ сытхэр - здэщыІэр Москвати, кьызэгъэпэщакІуэхэм дагуныуэри, махуипщІкІэ ди деж щылэжьэну кьедгъэщащ, зы Іэщ ІагъэлІи кьытхуагъэкІуащ. А пІалъэм къриубыдэу квестым хэтащ цІыху 700-м нэблагъэ. ГъэщІэгъуэн тщыхъуат Іэхум хэтыну муниципалитетхэр кьыщедгъэблагъэм, цІыху 50-60-м нэс кьэзыгъэкІуэхэр кьаззрыхэкІари. Тхыдэм епха Іуэхум апхуэдэ гулъытэ зэриІар ди гуапэ мыхъуу кьэнакъым. Абы хэта цІыхухэр Павловым и унэм кьыщыхутэрт, кьалэн пыухкІахэр ягъэззэщІэн хуейт. Пэш зэмылІэужьыгъуэхэм щІыхь хуэдэурэ, гъэунэхуныгъэ гуэрхэм пхыкІырт, нэгъуэщІу жыпІэмэ, захуэу гуащІэхэр я нэгум кьыщІигъэхьэу арат. А квест-пэшыр ди ужькІэ Анапэ яшауэ щыІэщ.

- ЩІалэгъуалэм куэдрэ фахохьэри, ди щІэблэм тхыдэм зэрыхащІыкІым, Хэку зауэшхуэм теухуауэ яІэ щІэныгъэм арэзы укъыщІу пхужьІэну?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм ди тхыдэм сфІыуэ хащІыкІырхъым. Араши, щІалэгъуалэм я щІэныгъэм хедгъэгъэхъуэн Іэхэурщ псом япэ идгъэщІр. Квест-джэгукІэм и Іэмалыр сфІыщ, щІалэгъуалэр апхуэдэу нэхъ кьыпхудокьэхри. Джэгу хуэдэурэ абыхэм нэхъыбэ хэащІэ, тхыдэм, кьэралым и цІыху цІэрыІуэхэм, махуэ хэхахэм теухуауэ. Курыт школхэми, колледжхэми, университетхэми дадолажьэ, я щІэныгъэмкІэ щІалэгъуалэр зэпыдогъауэ.

- Каринэ, Инстагрямым уи зы сурэт кьибгъэуващ диплом плъыжьыр пІыгъыу. «Си адэм аргуэру и зы мурад ззэгъэхъулІащ» жыпІэри абдеж щыптхащ. Дауи, уи гъуэгугъэлъагъуэр уи адэр арагъэнщ...

- Пэжщ, сыт щыгъуи сызыунэтІыр, сытезыгъэгушхуэр си адэращ. Псалъэм папщІэ, «ЕджапІэ нэхъыщхьэр «диплом плъыжьхэІэ» кьэбухьинущ», - кьыщцэжкІэм щыгъуэ, си си кьарур нэсу кьызгурымыуэрэт, е нэгъуэщІт - си фІэщ ар хъуатэкъым. АрщхьэкІэ ар мыгугъуу кьыщІэкІащ, еджэн хуей кьудейуэ арат.

- Упсэу, Каринэ! ЕкъулІэныгъэщІэхэр уиІэну ди гуапэщ.

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

● Псалъэжьхэр

ЦІыхубз пшэрыхь хущанэ

♦Бзылъхугъэ зэрымыс унэрэ мэш зэрымыт хьэсэрэ.
♦Фызыфі и Іэнэ зэтетщ.
♦Фызыр щІагъуэмэ, унагъуэм къеІуатэ.
♦Фызыфі илІ гъуэмылэншэ хъуркъым.
♦Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.
♦Дыгъэ нэпс нэхърэ анэ бгъафэ.
♦И анэ еплъи ипхъу кьашэ.
♦ЛІым и узынщагъэр фызым и фІыгъэщ.
♦Фызыфі зиІэ и гуауэ шэчыгъуафІэщ.
♦Насыпыр фызым кьыдокІуэ.
♦Уи фызыр фІымэ, джэгу умыкІуэж - махуэ къэси уи джэгущ.
♦Фызыфі зиІэм хъуэхъу и унэ илъщ.
♦ЦІыхубз пшэрыхь хущанэ.
♦Фызыфі гъэтІылъыгъэншэ хъуркъым.

Нэгъуей хъаным и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Мэлхъурыб *(1528 - 1597).*

Астрэхъан пщышхуэм и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Алтыншаш *(1525 - 1583).*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Іуэрыіуатэ

Уэзырмэджрэ щІалэмрэ

Уэзырмэдж шэсри зекІуэ ежьащ. Псы Іуфэ Іухьауэ псым зэпрыплъри зы шу къыІэщІэлъэгъуащ. Шум мэз бжэн къихуурэ, шури бжэнри псым къэсащ. Бжэныр псым къыщыхэпкІэм, шури къыкІэлъыхэпкІащ. Къесурэ, шум и шыр псым щІихащ, итІани къыкІэлъеІэурэ къыкІэлъысри бжэныр, нэпкъым къэсауэ, кІэбдэкІэ иубыдащ, псым къыхидзри ипхащ, иуКІри и фэр трихауэ, Уэзырмэдж бгъэдыхьащ.

- Бжэным щхьэкІэ уи шыр псым ебгъэхьащ, - жиІащ Уэзырмэдж. - Уи шым и уасэ мы бжэныр?

- Бжэным хъыбар иІэщ, Уэзырмэдж, - къыжриІащ щІалэм.

- Бжэныр мэзым къыхокІри, ди тхьэмадэм и санэр ефыщІ, зыубыдыфи къытхэкІыркъым.

«Бжэныр зыубыдым си пхъур естынщ», - жери тхьэмадэм щигъэІуи, Іэджэ пылъащ, яхуэубыдакъым.

«Си къуэм фІэкІ бжэныр зыубыдыфын щыІэкъым», - жери ди адэм тхьэмадэм зэхригъэхати, къриухыпІащ: «Уи къуэм бжэныр хуэмыубыдмэ, уезгъэуКІынщ», - жери.

Ди адэр тхьэмадэм и унэм и пІалъэщи, бжэныр нэзмыгъэсмэ, иригъэуКІынущ.

- ПІалъэ кІэщІщ, бжэныр плІэкІэ пхуэхьынкъым, си шыр узот, - жиІащ Уэзырмэдж.

И шыр щІалэм иритри, Уэзырмэдж къежьэжащ.

- ЗекІуэ ежьати, и шыр зытрыригъэхри къигъэзэжащ Уэзырмэдж, - къыщІэнэкІащ нартхэр.

- Шууэ дэкІрэ лъэсу къыдыхьэжам пщІэ иІэжькъым, лІа пэлъытэщ. И хьэдэр къригъэхьыжамэ, лІым арат хуэфащэр. Нартхэ пщІэ къыхуамыщІыж хъури, Уэзырмэдж унэм къинащ: ныбжьэгъуи жэрэгъуи къыхуепсыжыхьыркъым, зекІуи здашэжьркъым, лЫигъэншэщ, ущыгугъ хъунукъым жари...

Уэзырмэдж и шыр зрита щІалэм мэз бжэныр тхьэмадэм хуиухащ. Тхьэмадэм и фІэщ хъуакъым:

- Бжэныр уи закъуэ бубыдакъым, - жери.

- Щыхьэт сиІащ, - жиІащ щІалэм. -

Хэт уи щыхьэтыр?

- Уэзырмэдж си щыхьэтщ.

Уэзырмэджрэ тхьэмадэмрэ лЫкІэ зэбийт, зэлъихьэртэкъым. Зэлъихьэ дэнэ къэна, зэІущІамэ, зэрымыуКІауэ зэбгъэдэкІынутэкъым. ЩІалэр абы щыгъуаэзтэкъыми:

- Уи щыхьэтыр си унэ къипшэфмэ, си фІэщ хъунщ, - жиІащ тхьэмадэм.

- Къисшэнщ, - жери щІалэр шэсащ, Уэзырмэдж ишри Іэдэж ищІри. ЩІэупщІэурэ Уэзырмэдж деж нэсащ. Гъэгъущхьэм мэлыхъуэ щрихьэлІати, мэлыхъуэм еупщІащ:

- Уэзырмэдж и унэр сыбгъэлъагъун? - жери.

- Уэзырмэдж и унэ сыт ипщІыхьыжын: щІыхуи ихьэркъым, щІыхуи иКІыркъым, - къыжриІащ мэлыхъуэм. Сытми, мэлыхъуэм игъэгъуаззри, щІалэр Уэзырмэдж и унэм екІуэлІащ, епсыхри джащ. Унэм къипльри, Уэзырмэдж щІалэр щхьэгъуащ, бжэр къыІуихри бжэщхьэІум къытеуващ:

- Сэ унэм сыникІыну сыхуиткъым, - жиІащ Уэзырмэдж.

- Сынихьэнщ жыпІэмэ, уэ къихьэ.

Унэм ихьэри, щІалэм и Іуэху зытетыр Уэзырмэдж жриІащ.

- Сэ щыхьэт сыхъужын? - жиІащ Уэзырмэдж. - ПщІэ сиІэжкъым. КІуэ, нартхэ яжепІэрэ сынибдрагъажьэмэ, схуэзфІэкІ пхуэсщІэнщ. Нартхэ щІалэм къыжраІащ:

- Уэзырмэдж лІа пэлъытэщ, и пщэ дэтлъхьэж щыІэкъым. Уи дзыхь ебгъэзэмэ, здэшэ. Дэ ди дзыхь едгъэзыжыркъым.

Уэзырмэдж, и шым шэсыжри, щІалэм дежьащ. Тхьэмадэм деж ихьэри, Уэзырмэдж жиІащ:

- УэсщІамрэ къыІэпщІамрэ сощІэж, дилъ зэтельщ, итІани мы щІалэм и хьэтыркІэ уи унэ сыкъихьащ. ЩІалэм и закъуэ бжэныр зэриубыдар си нэкІэ сльэгъащ, си шыр къестри бжэныр къихьащ.

- ЛЫигъэ уимыІамэ, си унэ укъихьэнтэкъым. ЖыпІэри си фІэщ мэхъу, - жери тхьэмадэр Уэзырмэдж къекІужащ, бжэныр зыубыда щІалэри малъхъэ ищІащ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Пщ1эну щхьэпэщ

МазэщІэхэр

Адыгэхэм къызэралъытэмкІэ, илъэсым и пІалъэхэр зэрызэблэкІынур зыпыщІар Вагъуэбэрт. Ар щІым къыщыхэкІым и деж (иджырей гъатхэпэ мазэм и 21 - 22) гъатхэр, нэхъ тэмэму жыпІэмэ, адыгэ илъэсыщІэр къихьэрт.

Гъатхэм хеубыдэ гъатхэпэм (мартым) щыщу махуи 9, мэлыжьыхьыр (апрелыр) - махуэ 30, и макъыгъэр (маЙр) - махуэ 31-рэ, мэкъуауэгъуэм (июным) щыщу махуэ 22-рэ.

МэкъумэшыщІэр иужь итт гъатхэм мыбзэлэрыгъыным. Ижь-ижьыж лъандэрэ жаІэ : «Гъатхэ махуэ гъэ егъашхэ».

Адыгэхэм, щхьэж зыщыпсэу щІыналъэм езэгъыу, дэтхэнэ зи чэзу Іуэхур щегъэкІуэкІын хуейм теухуа махуэгъэпси яІэу щытащ. Псалъэм папщІэ, дэтхэнэ мэкъумэш къэкІыгъэри щытесэн хуей, ВакІуэ дэкІыгъуэ, мэкъуауэгъуэ зэманхэм ехьэлІауэ.

Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъамэ (июным и 21 - 22), гъэмахуэм щидзэрт. Гъэмахуэр псори зэхэту мазэ 92-рэ мэхъу. Абыхэм хохьэ мэкъауэгъуэ (июнь) мазэм щыщу махуи 8, бадзэуэгъуэ (июль) мазэм щыщу махуэ 31-рэ, шыщхьэІу (авгУст) мазэм щыщу махуэ 31-рэ, фокІадэм (сентябрым) махуэ 22-рэ.

Гъэмахуэр мэкъумэш лэжьыгъэхэм щигъащІэгъуэ лъэхъэнэщ.

Хьэсэхэр, пщІанэхэр къабзэу зехьэн хуейщ. Абы и закъуэкъым, атІэ къэкІыгъэхэм я бий псоми - хьэпІащІэхэм, узхэмебэнын хуейщ.

Адыгэ мэкъумэшыщІэ календарымкІэ, гъэмахуэ махуэ 92-р мы къэкІуэнум хуэдэу гуэшащ: бадзэуэгъуэм и 17-м гъэмахуэ шылэр къохьэ - ар махуэ 40 мэхъу, шыщхьэІуи и 22-м еуэ. Абы иужькІэ иджыри фокІадэм и 22 пщІондэ гъэмахуэщ. КъыкІэлъыкІуэу, ваГъуэбэр жыг щхьэкІэм хыхьамэ (октябрым и 21 - 22), бжьыхьэр къэсауэ ялъытэрт.

Мы лъэхъэнэр мэкъумэшыщІэм и зэман нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ.

Гъэ псом къагъэкІар, къагъэхъуар къыщрахьэлІэж мазэхэщ. Ари махуэ 91-рэ мэхъу. Абы хохьэ фокІадэм (сентябрым) щыщу махуи 8, жэпуэгъуэр (октябрыр) зэрыщыту, махуэ 31-рэ, щэкІуэгъуэр (ноябрыр) - махуэ 30, дыгъэгъазэм (декабрым) щыщу махуэ 22-рэ. Адэкъ ВагъуэбэР щІым хьэжьу ябж. Ар тохуэ декабрым и 21 - 22 махуэм, абы щыгъуэ щІымахуэр къихьэу ялъытэ. ЩІымахуэр махуэ 90 мэхъу. Абы хохьэ дыгъэгъазэм (декабрым) щыщу махуи 9, щІышылэ (январь) мазэр зэрыщыту, махуэ 31-рэ, мазаер (февралыр) - махуэ 28, 29-рэ хъуэу, гъатхэпэ (март) мазэм щыщу махуэ 22-рэ.

ЩІымахуэ шылэр къохьэ щІышылэм и 17-м. Ар махуэ 40 мэхъу. ШылэР еух мазаем и 23-м. Абы иужькІэ аргуэру махуэ 25-кІэ щІымахуэу щытщ.

Мы къыздэрыдгъэлъэгъуам хуэдэу зэхэльщ адыгэ мэкъумэшыщІэм и илъэс махуэгъэпсыр. Гъэр къыздэрыкІуэм, дунейм и щытыкІэм ельытауэ адыгэ мэкъумэшыщІэхэм я лэжьыгъэр зэтраухуэрти, я Іуэхур тэмэму дэкІырт. КъэйхъулІэрт, сыт хуэдэ - гъэми и щыфэлыдфэм, и къэкІуэкІэм ельытауэ мэкъумэшыр ящІэрти, Іэщыр зэрахьэрти. Абыхэм я гъащІэ проР «щІэщІауэ» яхьырт, зыгуэру темыплъэкъуКІын папщІэ. Адыгэ мэкъумэшыщІэхэм. ижьижьыж лъандэрэ къадекІуэкІа махуэгъэпсыр ноби гъавэ зыщІэжэм, Іэщ зыгъэхъуэхэм икъуКІэ щхьэпэ яхуэхъунущ.

Адыгэ мазэщІэ ищхьэкІэ къэдгъэлъэгъуэхэм къыщынэмыщІа, нэгъуэщІ фІэщыгъэщІэхэри ди бзэм хэтщ. Ар къызыхэкІар щІыхуэхэм я Іэщ Іагъэм, я лэжьыгъэм ехьэлІауэ зэманыр къалъытэу зэрыщытарщ. ЗэрыгурыуІэгъуэщи, адыгэ мазэщІэхэм зэреджэр зэтехуэкъым.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Инджылыз



Къарей Элинэ

Ди корреспондент Къарей Элинэ иджыблагъэ Лондон щыхьэщІащ. Мис абы триха сурэтхэр.

● Псэлъафэхэм къарыкІыр

ЗэІуесэм псэ хелъхьэ

Акъылыр щагуэшым дурэшым дэсащ.

Зи акъылыр жьыжь нэмыс щІыхум ехьэлІауэ къапсэлъ.

Гур зэрыгъум дыгъур къроКІуэ.

Гум къэхъунур ещІэ жьыхуаІэ-ращ. Гур зэрыгъуэ гуэр къэхъуа нэужь, жаІэ хабзэщ.

ДаІуэ шхиипэ тоувэ.

Чэнджэщ зыльытэр къызэрымыкІыфын щытыкІэщІэкъым.

ЗэІуесэм псэ хелъхьэ.

ЗэІуесэр мэхъу жьыхуІэщ. Іэужь дахэ зиІэ щІыхуу Іэпщ1эльапщІэм хужаІэ.

Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ.

Зэкъуэтынытыгэр къаруушхуэу зэрыщытым теухуащ.

Сыхэмыхьэмэ ситхьэлэн.

Іуэхугъуэ гуэрым, нэхъыбэу - шынагъуэм, дзыхьщІыгъуэджэм, хэпщІэну, и Іуэху хилъхьэну зэрыхуэмейр зэрыхуэмыІуам жеІэ (е апхуэдэ щІыхум теухуауэ къапсэлъ).

ЩАУЭ Къэлидар.

● Шхыныгъуэхэр

ДзасэкІэ гъэжьа былымыл Іыхьэхэр

Абы щхьэкІэ нэхъ къащтэр былымыл нэхъ щабэщ. ЛыпцІэр яупщІатэ и кІыхьагъыр см 11 - 12, и бгъуагъыр - см 6, и Іуваг1ыр - см 2 - 2,5-рэ хъуэ. Ахэр фальэм иралъхьэ, шыгу, шыбжий халъхьэ, бжьыныщхьэм ипс къыщІэкъуэзыкІар хакІэри фІыуэ зэІащІэ. И щхьэр трапІэри дакъикъэ 20 - 25-рэ хуэдизкІэ щІыІапІэ щагъэтщ. ИтІанэ лы Іыхьэхэр я кІыхьыпІэмкІэ дзасэм фІаІури дэпкІэ ягъажьэ, дзасэр ягъэкІэрахьуэурэ. ЩагъажьэкІэ мэлыщэ гъэвожа щахуэ, нэхъ тхъуэплъ, дахэ хъун, мэ дахэ къыкІэрихын щхьэкІэ. Лы жьар дзасэм сэкъфІахьыжри тепщэчым иралъхьэ. Бжьын щІынэ гуэплъхьэми хъунущ. Яшх пщтыру, пІастэ, мырамысэ хуэдэ, чыгжьын, хьалІамэ, мэжаджэ, щІакхъуэ докІу.

Халъхьэхэр *(цІыхуитІ Іыхьэ):*

лыпцІэу - г 600,

бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 70,

щэ дагъэу - г 30,

шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуэйм хуэдиз.

Кхъуейжьапхъэ Іэфі

Шыуаным псы щІыІэ иракІэ, абы шатэр хакІэри къагъавэ. Гъуэжьыфэ хъууэ зэрыхуежьэу, фо хакІэри дакъикъи 5-6-кІэ трагъэт. ИтІанэ бзалагькІэ зэІащІэуэрэ, шатэпскІэ зэхэщІа гуэдз хьэжьыгъэ зэІащІэуэрэ, шатэпскІэ зэхэщІа гуэдз хьэжьыгъэ зэІащІэуэрэ хакІэ. МафІэр щабэу блэуэ пэшхьэкъм трагъэтщ, тхъу хуэрытрдзэху. Іэнэм пщтыру трагъэуэ. Лэкъум, щІакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр *(цІыхуищ Іыхьэ):*

псы щІыІэу - г 100,

шатэу - г 800,

фоуэ - г 130,

гуэдз хьэжьыгъэу - г 40,

шатэпсу - г 80,

кхъуей цІынэу - г 50,

шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Чэнджэщхэр

Нартыху цІынэр щагъавэкІэ шыгъу хадзэркъым

♦Шэрджэсхэм хьэгулывэр бегъымбар шхыну ябжу щытащ, абы хущхъуэгъу куэд зэрыхэлъым щхьэкІэ. Хьэм къыхэщІыкІа шхыныгъуэхэр ирагъэшхыу щытащ зи къупщхьэ къутахэм - къапщтэмэ, зи дзажэ къутам хьэ мырамысэ ирагъэшхырт, ар захуэу кІыжын щхьэкІэ. Абы хэлъщ къупщхьэр зыгъэкІыж пкъыгъуэхэр, къапщтэмэ, фосфор, кальций, нэгъуэщІхэр.

♦ЦІыхуэм и тхьэкІумэр щыуэным и деж, къэрмэфибл дагъэ ирагъатКІуэри мэхъуж.

♦Лыр нарзанылпскІэ бгъавэмэ нэхъ щІэхыу мавэ икІи лэпс Іэфі къыщІовыкІ.

♦Мыгъэлыгъуаэ хуэрэджэ купкъ, щІыдэ, пщІий куэд, пшхымэ, щхьэр егъэуэ.

♦Нартыху цІынэр щагъавэкІэ шыгъу хадзэркъым. Шыгъум хьэдзэхэр зэрегъалъэ, вэгъуей ещІ, Іэфіи хъуркъым.

♦ЖьэлыуэР щаубэкІэ я Іэр куэдрэ псыф ящІмэ, хьэлъащхьэр тоуцІыныкІ.

♦Мэжаджэр щагъажьэкІэ къэмычэн щхьэкІэ и щІыІум шху щахуэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Хьэкъущыкъу. **6.** Уи ... мыкІуэду уи уз укІуэд. **7.** Дыгъужьыр бэлацэу къызыщыхьу хьэкІэжьхьэкІэ. **8.** Іэщ ... бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къищынщ, щІыгъ ... бгъашхэмэ, уи Іупэм къеуэжынщ. **10.** Лэскэн районым щыІэ къуажэ. **12.** Ерыщыр щыту ... **14.** Пщым хуэлІыщІэ цІыху. **17.** Іэщэ лІэужьыгъуэ. **18.** Зи гъэгъахэр щхьэуэ-хужьыфэ удз, гъэмахуэпэм къэкІыу. **19.** КІыщщым щІэт Іэмэпсымэ. **22.** Адыгэ пщІантІэхэм нэхъапэм дэту щыта, фІэдзэпІэу щыудамэ куэд, зытет пкъо. **25.** Таурыхъхэм узыщІэ.



рихьэлІэ шы лъэрызехьэ: икІи мэпсэлъэф, икІи мэлъэтэф. **26.** Зи гъэгъа гъужькъэр гъэмахуэпэм къыпидзэ, Налшык и уэрамхэм щыкуэд жыг. **28.** КІуэ пэтми бжьиз зымыкІу. **29** Гъэузи ... **31.** Жьг ку гъуаэнэхэр зи псоупІэ псэущхьэ кІэ баринэ. **32.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист. **34.** ЛэжьапІэм къикІыжа лІыр апхуэдизкІэ мэжэлати, Іэнэм къыпралъхьар ... хуэхъуакъым. **35.** ЩІы щхьэфэ тещтыкІа. **39.** Сабий цІыкІур пщэдджьжьым жеящ ... хъуэхункІэ. **40.** Пхъэщхьэмыщхьэ.

Къехуу: **1.** ШхэныІэ ... **2.** Пхъурылтхъур кьихьэмэ, псатхъэр ... **3.** Псэхэлъхьэж. **4.** Къэрэгъуэл, хъумакІуэ, ... **7.** ... Іэрымылтхьэм гуащэр щумыгъэгугъ. **8.** Пхъэ уадэшхуэ. **9.** Жьэрэжьэжу, къэкум илъщ. **11.** Пхъэщхьэмыщхьэ гъужь Іэфі, купкъ илъу. **13.** ... къуэфі хуэщкъым. **15.** Совет Союзым и зэманым щыІа ахъшэ жьгъей. **16.** Краснодар щыналъэм хиубыдэ кІалэ, адыгэу миным нэблагъэ щыпсэуу. **20.** Хадзэкэі. **21.** Зи щхьэгъуэсэм къыбгъэдэкІыжа цІыхубз. **23.** «ЛЪаГъуныгъэр, си псэ, ар мы ... джэгу, дыкъыІэзэрыгъапцІэу, дІыздомыгъэджэгу» - Тхьэбысым Умаррэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ яуса уэрэд цІэрыІуэм щыщщ. **24.** Гъущі пІащІэ. **26.** Іэщ хъушэ зыгъэхъум хуэзамэ, жраІэ: « ... апщий!» **27.** АдакъэшІэрыІуэ ... пІастэрэ. **30.** ... зытеха къэбыр нэхъ Іэфі мэхъу. **31.** Адыгэ художник цІэрыІуэ ... Мухьэдин. **33.** Цы закъуэ. **36.** ШхэнкІэ иримыкъу, къэкІыгъэхэм лъапсэрыхьр кІыхуэзыгъакІуэ хьэпІащІэ къэзылъэтыхь. **37.** НысащІэр кІыхьэхэІа унагъэр. **38.** ... тесу псым іопыдж.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Шыщхьэуіум и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1.** Мазэгъуэ. **4.** Атэлыкъ. **7.** Пшэ. **8.** Сэшхуэ. **10.** Назир. **12.** Мэрат. **14.** Сахуэ. **15.** Іумпіэ. **16.** ПщІэгъуалэ. **18.** Хьуп. **20.** Хьэ. **21.** Яжьэ. **22.** Хупщынэ. **23.** Шэфтал. **24.** Къэп. **26.** Ефэнды. **27.** Къэптал. **29.** Пщы. **31.** Балыджэ. **32.** Нэгъабэ. **33.** Гъубж. **35.** Уэ. **38.** КІэ. **39.** Шылэхьар. **40.** Чынт. **42.** Куба. **44.** ХьуаскІэ. **46.** Румын. **48.** Щэращ. **49.** Кумб. **50.** Мэзыхьэ. **51.** Ахумыдэ.

Къехуу: **1.** Мысостышхуэ. **2.** Гъудэ. **3.** Пшэр. **5.** Тэн. **6.** Къармэхьэблэ. **9.** Шэху. **11.** Зым. **12.** МыщІэ. **13.** Тулэ. **17.** Гъужь. **19.** ПскъэлыпІыгъуэ. **20.** ХьэфэтегъэкІ. **24.** Къап. **25.** Пкъы. **28.** Абдулчэрим. **30.** ГъуэрыгъуапщкІуэ. **34.** Бгъэ. **36.** Сытхъу. **37.** Мащэ. **41.** Нэм. **43.** Уэр. **45.** Сэмб. **47.** Нухь. **48.** Щиху.

● Іуэрыіуатэ

Уэгум вагъуэбэр щыкуэдщ

Хэку зауэшхуэр щыщІидзам СССР-м и Дзэ-Тенджызэ флотым иІащ зэрызауэ кхъухь зэмылІэужьыгъуэу 1000-м нэс. Абыхэм ящыщу 3-р линкорт, 54-р эсминецт, 212-р псыщІагъэрыкІуэт, 22-р псы Іуфэхэр зыхъумэт, 80-р хьэлъэзешэт, 287-р торпедэ зезыхьэт. Абы нэмыщІ ди къэралым иІащ тенджызэ авиацэм и кхъухьлъатэу 2.800-рэ.

* * *

Зи Іэпкълъэпкъэр нэхъ хуабэ дыдэр джадырщ - градус 43-рэ. Абы кІэлъокІуэ тхъэрыкъуэр, бзу цІыкІуэр - градус 42-рэ. Гъэгушым, къазым, бабыщым, жьындум, къашыргъэм я хуабагъэ зэхуэдизщ - градус 40 - 41-рэ. Іэщ пІащэм, мэлым, хьэм, джэдум - 37 - 39-рэ яІыгъщ. ЦІыхур, номиныр, шыдыр, шыр, пылыр зэрызэщхьэщыкІ щІэлэкъым - градус 35 - 38-рэ.

* * *

Алыдж астрономхэм къызэрахутамкІэ, вагъуэбэ 48-рэ щыІэщ. Ауэ абыхэм я ужькІэ нэгъуэщІ астрономхэм вагъуэбэ 40 къахутащ. Вагъуэбэхэм яхэтщ гъэм и лъэхъэнэ хэхахэм деж фІэкІа уафэм щумыльагъуэхэр. Иджыри къамыхутэфауэ нэгъуэщІ вагъуэбэхэри щыІэнкІи хъуну къальытэ щІэныгъэлІэхэм.

* * *

Ди эрэм и пэкІэ 3200 гъэм Мени фирхьэуным Мысырым щыІэ пщыгъуэхэр зэгуигъэхьэри, Мемфис зи къалащхьэ Мысыр къэралыгъуэр къызэригъэпэщащ, дунейм щыяпэ дыдэу. Илъэс 500 хуэдиз дэкІа нэужь ар лъэщ мэхъу икІи ди эрэм и пэкІэ 2725 гъэм зауэ зекІуэкэр ирегъажьэ, лъэныкъуэ куэдкІэ унэтІауэ. Апхуэдэурэ къизэуащ Суданыр, Сириер, Ливаныр зэрыс щІыналъэхэр.

● ГъэщІэгъуэнщ

Европей псалъэжьхэр

Ныбжьэгъу зимыІэр дэни щыхамэщ

●КъэхъукъащІэ псоми щышынэр зэи хьым техьэнукъым.

●Псым хэхуэ щІыхур банэм іопхуэ.

●Пхъэщхьэмыщхьэ зыфІэфІыр жыг дэпщеифу щытын хуейщ.

●Ныбжьэгъу зимыІэ псори дэни щыхамэщ.

●Бийм къуих лейр нэхъыфІщ, уи ныбжьэгъур къыпхуэзмыварэзы нэхърэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и яп1э къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышІагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарегъащІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэхэкІыгъэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эГэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-16

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэ1 Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3, 5-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.064 ● Заказ №765